



Pou Piblikasyon Imedya: 04/04/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 5 MILYON DOLA POU DEPATMAN IA AK SOSYETE  
ATRAVÈ UIT KANPIS SUNY YO**

***Ranfòse angajman Gouvènè Hochul pou fè Nouyòk rete lidè nan rechèch sou IA  
pou avanse byen piblik la***

***Pwojè rechèch IA yo ap dewoule nan Empire AI Alpha, ki twouve l nan University  
at Buffalo***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ke uit kanpis SUNY ap devlope depatman, sant, ak enstiti IA ak Sosyete (AI and Society) pou angaje plizyè disiplin ak kominote divès, elaji devlopman IA pou prepare etidyan yo pou lavni, epi ankouraje itilizasyon IA (entèlijans atifisyèl) pou byen piblik la. Atravè pwogram sa a, eta a te bay 5 milyon dola nan finansman pou ankouraje kolaborasyon ant plizyè disiplin, pou ankouraje rechèch sou IA ki enklizif, pou adrese kesyon etik ki gen nan itilizasyon IA, epi pou ankouraje itilizasyon responsab done yo.

"Pwogrè rechèch sou IA nan Eta Nouyòk pral enspire lòt eta swiv chemen pa nou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investi nan IA andedan sistèm SUNY a se yon investisman nan etidyan nou yo pou elaji konesans yo sou sa lavni pral pote. Nou pa sèlman ap prepare etidyan y pou IA – nou ap fòme fason IA ap sèvi sosyete a, pou n asire li ranfòse kominote nou yo ak ekonomi nou."

Ansanm, investisman yo ki te anonse jodi a pral lanse pwojè sa yo:

- University at Albany – **Lanse yon nouvo Kolèj ak Sant Rechèch IA ak Soyete**
- Binghamton University – **Kreye Enstiti pou IA ak Sosyete**
- University at Buffalo – **Kreye Depatman IA ak Sosyete**
- SUNY Downstate – **Mete sou pye Sant Global pou IA, Sosyete ak Sante Mantal**
- SUNY ESF – **Mete sou pye Sant pou Entèlijans Atifisyèl, Sosyete, ak Anviwònman (AISE)** (finansman inisyal)
- SUNY Poly – **Devlope yon Enstiti pou IA ak Sosyete** (finansman inisyal)
- Stony Brook University – **Kreye Depatman Teknoloji, IA ak Sosyete**
- Upstate Medical – **Kreye Sant IA pou Ekite, Analiz ak Dyagnostik nan Sante (AHEAD)** (finansman inisyal)

**Chanselye SUNY John B. King Jr. te deklare**, "Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, chèchè, pwofesè, ak etidyan nan SUNY yo ap montre wout la nan fason y ap itilize IA pou fè pwogrè pou byen piblik la. Angajman SUNY pou ekselans akademik gen ladan l mete tout kondisyon pou etidyan ki soti nan divès domèn kapab reyini, eksplòre nouvo lide, epi devlope konpetans ki pral ede yo atenn siksè pandan tout lavi yo."

**Manm Konsèy Administrasyon SUNY, Courtney Burke, te deklare**, "Pandan SUNY ak Eta Nouyòk ap kontinye investi nan rechèch sou IA pou byen piblik la, sibvansyon sa yo pral bay kanpis nou yo yon opòtinite enpòtan pou elaji pwogram IA yo ki deja egziste epi pou agrandi benefis IA ni sou kanpis la ni deyò kanpis la. Konsèy Administrasyon SUNY an pa ka tann pou l wè enpak investisman sa a sou chak kanpis yo chwazi."

SUNY ap reyalize vizyon Gouvènè Hochul sou entèlijans atifisyèl pou byen piblik la. Pwojè yo deja an fonksyon nan premye faz "alpha" sant enfòmatrik Empire AI a, ki chita nan **University at Buffalo (UB)** ak Empire AI mete ansanm chèchè ki soti nan kat sant inivèsite SUNY yo — **University at Albany, Binghamton University, UB, ak Stony Brook University** — ansanm ak City University of New York, Cornell University, Columbia University, New York University, Flatiron Institute ak Rensselaer Polytechnic Institute. Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul pou ane fiskal 2026 bay plis resous pou elaji kapasite enfòmatrik Empire AI epi pou mete plis resous enfòmatrik disponib pou chèchè SUNY yo. Chak pwojè SUNY yo enkli:

- **Binghamton University** ap fè rechèch sou gwo modèl langaj ak antisemitis sou rezo sosyal pou kapab detekte kontni ki gen rayisman. Yon lòt pwojè ap travay sou modèl fondasyon 3D pou karakterizasyon rapid estrikti metal-òganik pou aplikasyon ki gen rapò ak chanjman klimatik.
- Yon ekip nan **UB** ap travay sou yon solisyon konplè pou karakterize epi trete chak maladi.
- Chèchè nan **Stony Brook University** yo gen yon pwojè pou transfòme fason vaksen yo devlope, lè yo kreye yon platfòm inovatè ki baze sou IA pou konsepsyon antijèn.

Anplis de sa, SUNY mete ajou Kad Edikasyon Jeneral li a pou enkòpore IA kòm yon pati nan konpetans debaz sou Alfabetizasyon Enfòmasyon.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la, Hope Knight, te deklare**, "Eta Nouyòk nan kè inovasyon, epi gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, ESD ap investi nan endistri — tankou entèlijans atifisyèl — ki pral alimante ekonomi alontèm Empire State la. Finansman SUNY ap bay pou depatman espesyalize pou fè avanse IA ak Sosyete ap ede asire ke benefis teknoloji revolisyonè sa a sèvi pou ankouraje kolaborasyon ak rezolisyon pwoblèm ant plizyè disiplin, pou ankouraje byen piblik la, epi pou soutni opòtinite ekonomik enklizif pou tout Nouyòkè."

**Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare,** "Entèlijans atifisyèl se teknoloji lavni an, epi enpak li sou sosyete a pral tèlman transfòmatè nan fason nou sèlman kapab imajine. Lè nou bay finansman pou lanse Depatman sou IA ak Sosyete nan uit diferan kanpis SUNY, nou garanti ke Nouyòk ap rete nan premye liy devlopman IA, epi rechèch ki pral fèt apre sa ap fèt nan yon fason etik ak responsab. Mwen felisite Gouvènè Hochul ak Chanselye King pou premye plan nan peyi a ki vize asire IA sèvi byen piblik la."

**Senatè Eta Kristen Gonzalez te deklare,** "Remèsiman pou SUNY ak Gouvènè Hochul paske yo renouvle angajman Eta Nouyòk pou avanse inisyativ IA ki sèvi byen piblik la, pandan y ap asire inovasyon etik ak pwogrè enklizif. Mwen vrèman eksite pou konesans ak travay ki pral sòti nan nouvo Depatman IA ak Sosyete yo, ki pral ede fòme yon avni kote teknoloji ap anrichi epi ranfòse kominote yo."

**Manm Asanble Steve Otis te deklare,** "Gras ak lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, Chanselye SUNY John King, ak Lejislatif Eta a, Eta Nouyòk ap dirije peyi a nan rechèch ak devlopman IA ki konsantre sou 'byen piblik'. Konsòsyòm Empire AI a se yon modèl inovatè ki bay priyorite a pwojè ak rechèch sou IA ki vize benefis piblik. SUNY te yon lidè nan domèn IA pandan plizyè ane e li nan premye liy pou mennen IA nan yon nivo ki pi avanse. Nou dwe kontinye sipòte finansman pou inisyativ sa yo."

**Manm Asanble Alicia Hyndman te deklare,** "Angajman SUNY pou fè avanse entèlijans atifisyèl pou byen piblik la se yon etap kle pou asire nouvo teknoloji yo itilize nan yon fason responsab ak ekitab. Avèk lidèchip Gouvènè Hochul, investisman sa yo nan rechèch ak edikasyon sou IA p ap sèlman ankouraje inovasyon, men yo pral ede tou adrese gwo defi sosyete a — soti nan konbat rayisman sou entènèt rive nan amelyore solisyon swen sante. Avèk monte IA k ap fèt byen vit, li esansyèl pou nou aprann pi byen konprann li epi jere potansyèl li pou fè eta nou avanse. Mwen felisite Chanselye King ak SUNY pou fason yo ankouraje kolaborasyon ant plizyè disiplin, ki ap prepare etidyan nou yo pou lavni pandan y ap asire IA sèvi tout kominote yo avèk jistis ak etik."

### **Prezantasyon State University of New York (SUNY)**

State University of New York se pi gwo sistèm konplè edikasyon siperyè nan Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòk yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl kolèj optometri eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan Nouyòk. Depans pou rechèch nan tout sistèm nan te prèske 1.16 milya dola nan ane fiskal 2024 an, ki genyen ladan yo gwo kontribisyon etidyan ak fakilte yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, ale sou [sitwèb yo a](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)